



early steps

Early Steps bay sèvis pou tibebe ak jèn timoun, depi yo fèt jiskaske yo gen 36 mwa, epi ki gen andikap, reta nan devlopman, ak pwoblèm ki mete yo arisk. Nou ede fanmi yo baze sou pwèn fò endividyèl pitit yo epi nou bay yo sipò pou satisfè bezwen inik pitit yo. Sèvis yo ap sipòte timoun ki nan kominote kote y ap **viv, aprann ak jwe.**

POU KISA SÈVIS NOU YO ENPÒTAN?

Rechèch yo fè montre premye eksperyans timoun yo jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan devlopman sèvo yo.

FRÈ POU PEYE EARLY STEPS

Pa gen kondisyon dapre revni pou kalifye pou pwogram nan. Early Steps peye pou sèvis asirans sante piblik oswa prive pa garanti. Nou voye bòdwo bay asirans prive yo sèlman si paran yo bay otorizasyon.

VALÈ FONDAMANTAL

Chak timoun diferan.

Bezwen chak fanmi diferan.

Entèvansyon bonè travay pi byen lè fanmi an jwenn sipò nan satisfè bezwen pitit li.

Paran an, fanmi an, oswa moun k ap bay swen an se pi bon pwofesè timoun nan.

Nou bay enkyetid, priyorite, ak kilti fanmi yo valè.

Timoun yo aprann pi byen nan anviwònman ki gen tout timoun ladan.



Yo idantifye sèvis ak sipò yo nan yon evalyasyon ki baze sou priyorite, enkyetid ak resous fanmi an. Yo ka gen ladan yo:

Aparèy Teknoloji Asistans

Sèvis Odyoloji

Sèvis Konpòtmantal

Antrènman Fanmi ak Vizit nan Kay

Sèvis Sante ak / oswa Sèvis Medikal

Ègoterapi, Terapi Fizik oswa Ôtofoeni

Kouwòdinasyon Sèvis

Sèvis Swen Zye

Siveyans Devlopman

**Lòt Sèvis ki Adapte pou Chak Timoun
un Apa**

Fanmi yo konnen pitit yo pi byen epi yo se manm enpòtan nan pran desizyon sou bezwen pitit yo.

**Nenpòt moun kapab refere yon timoun nan Early Steps.
Pou jwenn enfòmasyon rele jodi a oswa ale sou sitwèb nou.**